



# Pwosesis pou fè apèl la

## Ki sa ki andedan

Ki lè epi ki jan mwen ka fè apèl?	1
Konbyen nivo apèl ki genyen?	1
Èske benefis mwen yo pral kontinye?	3
Èske gen yon moun ki ka ede m?	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Sekirite Sosyal vle asire I tout desizyon li pran konsènan aplikasyon ou fè pou envalidite oswa Revni Sekirite Siplemantè yo kòrèk. Nou pran tan nou pou nou konsidere tout enfòmasyon ki nan ka w la anvan nou pran nenpòt desizyon ki afekte elijiblite w oswa montan benefis w ap resevwa.

Lè nou pran yon desizyon sou reklamasyon w lan, nou pral voye yon lèt ba w ki eksplike desizyon nou pran an. Si w pa dakò ak desizyon nou an, ou ka fè apèl — sa vle di, ou ka mande nou pou nou egzamine ka w la ankò.

Lè w fè demann pou yon apèl, nou pral egzamine tout desizyon nou te pran an, menm kèk pati nan desizyon an ki te anfavè w. Si desizyon nou te pran an pa t kòrèk, nou pral chanje l.

## Ki lè epi ki jan mwen ka fè apèl?

Si resamman nou te refize ba w benefis Sekirite Sosyal pou rezon medikal oswa ki pa medikal, ou ka mande pou yon apèl. Demann ou an

dwe fèt alekri epi nou dwe resevwa I nan yon espas 60 jou apati dat ou resevwa lèt ki genyen desizyon nou an.

Ou ka rele nou epi mande pou fòm apèl la (Fòm SSA-561). Fason ki pi rapid epi ki pi fasil pou fè yon apèl a desizyon w lan se lè w vizite [www.socialsecurity.gov/disability/appeal](http://www.socialsecurity.gov/disability/appeal). Ou ka fè apèl la sou entènèt epi bay dokiman yo defason elektwonik pou sipòte apèl ou a. Ou ka fè yon apèl sou entènèt menm si w abite andeyò Etazini.

## Konbyen nivo apèl ki genyen?

Jeneralman, genyen kat nivo apèl. Yo se:

- Rekonsiderasyon;
- Odyans devan yon jij lwa administratif;
- Revizyon konsèy apèl la; epi
- Revizyon tribunal federal.

Lè nou voye yon lèt ba w konsènan yon desizyon nou te pran sou aplikasyon w lan, nou pral fè w konnen ki fason pou fè apèl a desizyon an.

## Rekonsiderasyon

Yon rekonsiderasyon se kote yon moun ki pa t patisipe nan premye desizyon an fè yon egzamen konplè sou reklamasyon w lan. Nou pral gade tout prèv ou te soumèt yo lè nou te pran premye desizyon an, plis nenpòt nouvo prèv ou soumèt.

Pifò rekonsiderasyon yo enplike yon egzamen dosye w yo san li pa nesesè pou prezan. Men lè ou fè apèl a yon desizyon ki fè w konnen ou pa elijib ankò pou resevwa benefis envalidite paske pwoblèm medikal ou te genyen an vin amelyore, ou ka rankontre avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal epi eksplike I rezon ki fè w kwè ou toujou gen yon envalidite.

## Odyans

Si w pa dakò ak desizyon nou pran nan etap rekonsiderasyon an, ou ka mande pou yon odyans. Se yon jij lwa administratif ki pa t patisipe nan premye desizyon an oswa nan nivo rekonsiderasyon an ki pral dirije odyans lan. Jeneralman odyans lan fèt nan yon distans ki pa plis pase 75 mil de lakay ou. Jij lwa administratif la pral fè w konnen ki lè ak ki kote odyans lan ap fèt.

Anvan odyans lan, nou ka mande w pou ban nou plis prèv epi pou klarifye kèk enfòmasyon konsènan reklamasyon w lan. Ou ka gade enfòmasyon ki nan dosye w la epi ou ka ban nou nouvo enfòmasyon.

Nan odyans lan, jij lwa administratif la pral kesyone w epi li pral kesyone nenpòt temwen ou ta mennen ansanm avèk ou. Kèk lòt temwen, tankou ekspè medikal oswa pwofesyonèl, ka ban nou enfòmasyon tou nan odyans lan. Oumenm oswa reprezantan w lan ka kesyone temwen yo.

Nan kèk sitiayson, nou ka fè odyans lan atravè yon videyokonferans olye pou nou fè sa an pèsòn. Nou pral fè w konnen alavans si se konsa odyans lan pral dewoule. Avèk odyans pa video, nou ka rann odyans lan pi pratik pou ou. Leplisouvan yon odyans pa video ka fèt pi vit pase yon odyans an pèsòn. Epitou, kote yo fè

yon odyans pa video a ka pi pre lakay ou. Sa ka rann li pi fasil pou gen temwen oswa lòt moun akonpaye w.

Souvan sa nan avantaj ou lè w asiste odyans lan (swa an pèsòn swa pa videyokonferans). Oumenm ak reprezantan w lan, si w gen youn, ta dwe vini nan odyans lan pou ka eksplike ka w la.

Si w paka vin asiste yon odyans oswa ou pa vle vin asiste I, ou dwe fè nou konnen alekri pou ki rezon epi fè sa osito sa posib. Sofsi jij lwa administratif la kwè prezans ou nesesè pou l ka pran desizyon sou ka w la epi li egzije pou asiste I, ou pap bezwen ale. Oswa li posib nou ka fè lòt aranjman pou ou, tankou chanje lè oswa kote odyans lan ap fèt la. Ou dwe gen yon rezon valab pou nou ka fè lòt aranjman pou ou.

Aprè odyans lan, jij la pral pran yon desizyon ki baze sou tout enfòmasyon ki nan ka w la, ikonpri tout nouvo enfòmasyon ou bay. Nou pral voye yon lèt ba w ansanm ak yon kopi desizyon jij la te pran an.

## Konsèy apèl

Si w pa dakò avèk desizyon yo pran nan odyans lan, ou ka mande yon konsèy apèl Sekirite Sosyal la egzamine ka w la. N ap byen kontan ede w fè demann pou egzamen sa a.

Konsèy apèl la gade tout demann moun fè pou egzamen, men li ka rejte yon demann si l kwè desizyon yo te pran nan odyans lan te kòrèk. Si konsèy apèl la deside pou l egzamine ka w la, li pral swa pran desizyon sou ka w la oswa li ka retounen I bay yon jij lwa administratif pou l ka egzamine ka w la plis andetay.

Si konsèy apèl la pa apwouve demann ou fè pou egzamen an, nou pral voye yon lèt ba w pou n eksplike w rezon ki fè yo pa apwouve demann lan. Si konsèy apèl la egzamine ka w la epi li pran yon desizyon sou li, nou pral voye yon kopi desizyon an ba w. Si konsèy apèl la retounen ka w la bay yon jij lwa administratif, nou pral voye yon lèt ba w ansanm ak yon kopi lòd la.

## Tribinal federal

Si w pa dakò ak desizyon konsèy apèl la oswa si konsèy apèl la deside pou l pa egzamine ka w la, ou ka antame yon pwochè nan yon tribinal federal. Lèt n ap voye ba ou a konsènan aksyon konsèy apèl la pral fè w konnen ki fason pou mande yon tribinal pou l gade dosye w la.

## Èske benefis mwen yo pral kontinye?

Nan kèk ka, ou ka mande nou pou nou kontinye peye w benefis ou yo pandan w ap tann pou nou pran yon desizyon sou apèl ou a. Ou ka mande pou benefis ou yo kontinye lè:

- W ap fè apèl a yon desizyon nou pran ki fè w konnen ou paka kontinye resevwa benefis envalidite Sekirite Sosyal paske pwoblèm medikal ou pa envalidan; oswa
- W ap fè apèl a desizyon nou pran ki fè w konnen ou pa elijib ankò pou resevwa pèman SSI oswa pèman SSI ou a dwe redui oswa sispann.

Si w vle pou benefis ou yo kontinye, ou dwe fè nou konn sa nan yon delè 10 jou apati dat ou resevwa lèt nou an. Si yo refize apèl ou a, ou ka gen pou remèt tout lajan ou pa t elijib pou resevwa yo.

## Èske gen yon moun ki ka ede m?

Wi. Anpil moun jere pwòp apèl yo nan Sekirite Sosyal avèk èd gratis yo jwenn nan men Sekirite Sosyal. Men ou ka chwazi yon avoka, yon zanmi oswa yon lòt moun pou ede w. Yon moun ou nome pou ede w rele "reprezantan" w. Nou pral travay avèk reprezantan w lan menm jan nou ta travay avèk ou. Reprezantan w lan ka aji pou ou nan piò zafè Sekirite Sosyal w ap regle epi li pral resevwa yon kopi tout desizyon nou pran sou aplikasyon w lan.

Reprezantan w lan paka chaje w oswa kolekte lajan nan men w san li pa resevwa otorizasyon dabò nan men Sekirite Sosyal. Si w ta vle gen plis enfòmasyon sou zafè gen yon

reprezantan an, mande pou *Dwa ou genyen pou Reprezantasyon* (Piblikasyon No. 05-10075) oswa ou ka jwenn li sou sitwèb nou an.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandé.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi publique piblikasyon sa a

**Social Security Administration**  
Publication No. 05-10041-HC | January 2017  
Pwosesis pou fè apèl la  
The Appeals Process (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense